

Yon prensip konduit pèsonèl

Pasyans



“Gen pasyans epi finalman w va genyen, paske yon pawòl dous kapab chanje kè yon moun ki di.” Pwovèb 25:15

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Bon lidè gen pasyans. Nan jenerasyon manje rapid sa a, enfòmasyon ak kominikasyon rapid sa a, nou pa dwe bliye manman vèti ki se pasyans. Se pa yon vèti kantite, men plis yon vèti kalite. Pasyans se pa ranvwaye sa w gen pou fè oswa retade yon obligasyon; se rete tann bon moman, travay ak tan epi ak sezon yo. Si nou bezwen mayi nou dwe rete tann prentan rive pou nou plante; epi nou dwe rete tann ankò lotòn vini pou nou rekòlte. Menmjan an genyen pwoblèm ki pa kapab jwenn solizyon touswit. Gen defwa yo dwe vin mi. Si nou pa tann bon moman nou gendwa konplike pwoblèm la. Lidè ki genyen matirite rekonèt sezon nan lavi yo ak biznis yo, epi yo bay tan pou chanjman. Yo konnen chanjman se yon pwosesis epi yo pratike pasyans pandan pwosesis la. Yo konnen tou san pasyans yo va fòse bagay yo twòp e sa kapa lakòz reyaksyon rapid ki kapab koute chè.

Li enpòtan pou nou konprann kijan yon anlwaye oswa yon ekip santi l anvan nou fè koreksyon. Geyen yon bon moman epi yon move moman pou dil ak yon pwoblèm.

Moun ki genyen pasyans resevwa twa (3) lonè:

1. Yo onore yo tankou moun ki gen kontwòl tèt yo, paske yo siveye kijan yo reyaji nan sityasyon difisil.
2. Yo onore yo tankou moun ki konpreyansif, paske yo koute

pou yo kapab wè si yo konprann anvan yo reyaji. Yo p ap pran risk ki two gwo lè y ap dil ak yon pwoblèm.

3. Yo onore yo kòm moun ki saj, paske yo chwazi pou yo kenbe sanfwa yo epi kalme laperèz lòt moun ki enplike pandan y ap bayo bon konsèy.

Lè nou ankòlè, nou ta dwe tann (gen pasyans) jiskaske nou kalme. Nou ta dwe rekonèt ansyen pwovèb, “Lè elèv la pare, mèt la va prezante.” Repons rapid – ki sòti nan kè ki pa prepare-- se konplike yo konplike sityasyon an sèlman, epi alafen noutout pèdi. Men jan pwovèb la di, “gen pasyans, epi finalman ou va genyen.” Ak pasyans noutout kapab genyen. Si nou pratike pasyans kòrèkteman, sa va bay toutmoun ki enplike lapè ak sekirite.

Nou dwe fè atansyon epi rekonèt sa pran tan pou fòmè moun. Nou pa dwe espere yon elèv katryèm ane konprann leson wityèm ane. Bon lidè konnen kilè pou yo ensiste epi kilè pou yo rekile.

Yo sonje lidèchip se dirije moun, fè moun wè sa yomenm yo wè, epi anseye yo kijan, kilè ak poukisa yo vle ale nan direksyon sa a. Nou dwe baze atant nou sou antrènman ak fòmasyon moun. Nou dwe konnen se yon bagay ki pran tan. Nou pa dwe janm inyore pwoblèm, men kite yon tan pase epi gen pasyans, pandan n ap siveye bon moman pou dil ak yo. Òdinèman, Bondye enspire solisyon bay yon moun si li tann epi li lapriyè.

Pasyans sizonen epi prepare kè nou ansanm ak lòt moun n ap dil ak yo. Pwochenn fwa ou prese ouswa ou egzijan, kanpe epi pratike yon ti pasyans. Ou va pi saj epi yo va apresye w plis.

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Pasyans se don w genyen pou kanpe motè w lè ou santi ou ap sote vitès.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete